



Pou Piblikasyon Imedya: 24/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 234 MILYON DOLA NAN ASISTANS ALIMANTÈ SIPLEMANTÈ POU MWA JANVYE A

Tout fwaye SNAP yo pral resevwa omwen nivo avantaj alimentantè maksimòm pou mwa janvye a

Avantaj alimentantè siplemanntè chak mwa yo ap fini apre peman mwa fevriye a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke tout Nouyòkè ki enskri nan Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) a ap resevwa nivo avantaj alimentantè maksimòm ki otorize pou mwa janvye a. Tout fwaye k ap patisipe nan Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè a - sa gen ladan sila yo ki deja nan nivo avantaj maksimòm yo - pral resevwa alokasyon siplemanntè mwa sa a, sa ki pral mennen nan yon enjeksyon apeprè 234 milyon dola finansman federal nan ekonomi Eta New York la.

"Avantaj alimentantè siplemanntè tanporè sa yo te ede plizyè santèn milye Nouyòkè evite ensekirite alimentantè nan yon moman kote anpil moun gen difikilte ak bidjè kay yo ki te twò piti", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Asistans sa a te ede rekiperasyon New York apre pandemi an nan ede fanmi yo ak moun yo mete manje ki an sante ak nourisan sou tab -- bay Nouyòkè yo soulajman ki nesesè anpil".

Yo pral bay siplemanntè ijans lan pou tout fwaye k ap resevwa avantaj SNAP yo, yon pwogram ki finanse pa gouvènman federal epi se Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York ki sipèvize li. Tout fwaye, enkli sila yo ki deja resevwa avantaj maksimòm pou gwosè fwaye a ak fwaye ki te genyen anvan yo yon siplemanntè mansyèl ki mwens pase 95 dola, pral resevwa yon siplemanntè omwen 95 dola.

OTDA te kòmanse bay avantaj siplemanntè an ijans an avril 2020 pou fwaye SNAP sa yo ki te resevwa mwens pase kantite maksimòm avantaj chak mwa a. Lè deklarasyon ijans Eta New York la te ekspire an jen 2021 an, ajans lan te kontinye travay avèk gouvènman federal la pou garanti alokasyon maksimòm pou tout fwaye SNAP yo jiska fevriye.

OTDA te kòmanse bay avantaj siplemantè an ijans an avril 2020 pou fwaye SNAP sa yo ki te resevwa mwens pase kantite maksimòm avantaj chak mwa a. Lè deklarasyon ijans Eta New York la te ekspire an jen 2021 an, ajans lan te travay avèk siksè ak gouvènman federal la pou garanti alokasyon maksimòm pou tout fwaye SNAP yo jiska ekspirasyon deklarasyon federal yon ijans sante piblik, ki te pwolonje jiska janvye epi ki pral pèmèt OTDA pou kontinye bay avantaj sa yo jiska fevriye.

Pwojè lwa pou depans federal ki fèk apwouve a mete fen nan alokasyon pou ijans tanporè sa yo, apre yo fin bay peman siplemantè fevriye yo. Apati mwa mas, benefisyè SNAP ap resevwa jis avantaj regilye chak mwa alavni. Pou plis enfòmasyon, vizite otda.ny.gov/EA-SNAP.

Nouyòkè yo kontinye konte anpil sou SNAP, avèk plis pase 1.6 milyon fwaye, sa gen ladan plis pase 2.8 milyon Nouyòkè, nan tout eta a ki enskri nan pwogram lan nan mwa novanm. Pandan ke benefisyè SNAP yo nan tout eta a te estab pa rapò ak mwa oktòb la, yo te ogmante 2.1 pousan pa rapò ak mwa novanm 2021, sa ki mete aksan sou demann kontinyèl pou avantaj enpòtan sa yo.

Komisè Biwo Eta New York pou Asitans Tanporè ak pou Andikap, Daniel W. Tietz, te deklare, "SNAP se yon zouti efikas nan abòde ensekirite alimantè ak sipleman chak mwa sa yo te gen yon gwo enpak sou Nouyòkè ki nan bezwen pandan pandemi an ak konsekans imedyat li yo. Avantaj SNAP anlplis sa yo te gen anpil valè pou asire moun ak fanmi yo ka pi byen fè fas ak ogmantasyon pri manje yo epi jwenn aksè a manje yo bezwen".

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Anons Gouvènè Hochul fè jodi a sou asistans alimantè adisyonèl pou fanmi k ap patisipe nan SNAP yo se yon viktwa pou fanmi k ap travay yo epi li ranfòse efò nou pou sipòte moun ki pi bezwen yo atravè kominote nou yo ak toupatou nan eta a. Nan bay soulajman ki nesèsè sa a pral ede asire 2.8 milyon Nouyòkè kapab debwouye yo epi jwenn sipò yo bezwen ak merite".

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Nou gen yon devwa pou asire fanmi yo kapab founi timoun epi mete manje sou tab yo. Mwen apresye efò Gouvènè Hochul ap fè pou entèwonp sik povrete a nan pwolonje avantaj ijans siplemantè SNAP bay Nouyòkè yo. Mwen pa ka tann travay kontinyèl nou ansanm pou ogmante aksè ak opsyon manje ki bon pou sante yo epi ranfòse avni kominote nou an."

Menm jan pou mwa ki pase yo, peman yo ap fèt dirèkteman sou kont Transfè Elektwonik Avantaj (Electronic Benefit Transfer) benefisyè yo deja genyen an epi y ap kapab itilize l avèk kat EBT yo deja genyen an. Menm jan ak avantaj nòmal SNAP yo, avantaj siplemantè yo ka sèvi pou achte manje nan magazen ki vann manje an detay ki otorize yo. Tout avantaj SNAP ki pa sèvi yo ap otomatikman rapòte nan pwochen mwa k ap vini an.

Jwenn plis enfòmasyon sou avantaj siplemantè SNAP pou ka dijans yo, ansanm ak repons pou kesyon moun poze souvan yo, [isit la](http://isit.la). Nouyòkè yo ki enterese enskri kapab

verifye elijibilite yo pou SNAP, epitou aplike sou entènèt, lè yo ale sou mybenefits.ny.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418